

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN (RPP)

3.1 – 4.1

IDENTITAS	Sekolah : SMP Negeri 2 Kedungwuni Mata Pelajaran : Bahasa Jawa Kelas/Semester : IX /2 Materi : Geguritan Alokasi Waktu : 10 Menit	
KOMPETENSI DASAR	3.1 Memahami isi teks geguritan 4.1 Menulis dan membaca geguritan.	
TUJUAN PEMBELAJARAN	Melalui model pembelajaran berbasis proyek peserta didik dapat :	
	Pengetahuan	1. Menjelaskan struktur geguritan 2. Menjelaskan isi geguritan .
	Keterampilan	1. Menulis geguritan. 2. Membaca indah geguritan yang ditulis
	Nilai Karakter	Mampu mengembangkan sikap menghargai keberagaman, berfikir logis, kreatif dan inovatif, percaya diri, bertanggung jawab, ingin tahu, santun.
KEGIATAN PEMBELAJARAN	Pendahuluan (2 Menit)	1. Guru melakukan apersepsi dengan cara menunjukkan rekaman pembacaan geguritan untuk membangkitkan minat peserta didik 2. Guru menyampaikan tujuan pembelajaran
	Kegiatan Inti (7 Menit)	1. Peserta didik mendengarkan pembacaan geguritan. 2. Peserta didik mengartikan kata-kata yang dianggap sulit yang terdapat dalam geguritan 3. Peserta didik bertanya jawab tentang struktur geguritan. 4. Peserta didik berdiskusi membahas isi dan amanat geguritan 5. Peserta didik bertanya jawab tentang teknik membaca indah geguritan 6. Peserta didik mengungkapkan isi/amanat geguritan 7. Peserta didik berlatih menulis geguritan bertema kebersihan lingkungan. 8. Peserta didik berlatih membaca indah geguritan
	Penutup (1 Menit)	1. Guru dan peserta didik menyimpulkan materi pembelajaran 2. Guru menilai hasil belajar peserta didik
PENILAIAN PEMBELAJARAN	Pengetahuan	1. Teknik Penilaian : Tes Tulis 2. Bentuk Instrumen : Tes Essay
	Keterampilan	1. Teknik Penilaian : Tes praktik 2. Bentuk Instrumen : Tes unjuk kerja dan produk
	Sikap	1. Teknik Penilaian : Pengamatan 2. Bentuk Instrumen : Lembar Observasi

Lampiran:

Materi Pembelajaran

Geguritan yaiku wohing susastra kang basané cekak, mentes, lan éndah. Geguritan uga bisa diarani rumpukan puisi Jawa gagrag anyar, ora kaiket paugeran-paugeran kaya ing tembang (puisi Jawa tradisional). Geguritan mujudaké jiwa pangriptané sajroning nanggapi bab-bab kang dilakoni, diweruhi, kaanan sakiwa tengené, panguneg-uneg, gegayuhan, wawasan, lan liya-liyané. Pelopor geguritan yaiku R. Intoyo kanthi karyané “Dajaning Sastra kang Kena Daya Sonéta Indonesia” kapacak ing Kejawèn No. 26 tanggal 1 April 1941 lan Subagya Ilham Notodijoyo nulis geguritan kanthi sesirah “Gelenging Tekad” kapacak ing kalawarti Panjebar Semangat No. 20 tanggal 12 Juli 1949.

Manut peprincèné para pangripta geguritan gagrag anyar bisa kapérang dadi pirang-pirang angkatan:

1. Angkatan 1940-1950
R. Intoyo, Ismail, Nirmala S.R., Subagya I.N. lsp.
2. Angkatan 1950-1960
Muryo Lelono, Priyanggana, St. Iesmaniasita, lsp.
3. Angkatan 1960-1970
Suripan Sadihutomo, Basuki Rakhmad, Iwan Respati, lsp.
4. Angkatan 1970-1980
Jayus Pete, Anjrah Lelono Broto, Suripan Sadihutomo, lsp.
5. Angkatan 1980-sepréné
Pangripta mudha kang karyané akèh kapacak ing kalawarti.

Titikané geguritan:

1. Basané cekak, aos, éndah
2. Isiné mentes
3. Ora kaiket guru gatra, guru lagu lan guru wilangan.
4. Migunakaké tembung-tembung pilihan.
5. Migunakaké busananing basa kang awujud purwakanthi.

A. Unsur-unsur Geguritan

Unsur geguritan kang umum ditemokaké yaiku unsur intrinsik geguritan. Unsur intrinsik geguritan ana enem, yaiku:

1. **Téma**
Mujudaké gagasan pokok kang disuguhaké déning panganggit. Tuladha téma yaiku: ketuhanan, kamanungsan, patriotisme, dhémokrasi, keadilan sosial, lan sapanunggalané. Sawijining geguritan kadhangkala ngandhut kabèh téma mau, jalaran geguritan pancèn linuwih ing makna.
2. **Citraan**
Gambaran angen-angen utawa imajinasi panganggit kang kalairakè lumantar indra. Gambaran angen-angen iku ana kalané kasil lumantar indra pandeleng/paningal, indra pangrungu, indra pangecap, indra pangrasa, lan indra pangganda.
3. **Dhiksi**
Pilihan tembung uga diarani dhiksi, kanggo ngasilaké geguritan kang trep, panganggit mesthi mikiraké pilihan tembung kang mathuk. Déné tembung-tembung kang digunakaké ana kang duwé teges lugu utawa apa anané (dénotatif), tembung kang duwé teges éntar utawa ora sabeneré (konotatif), gambaran utawa pralambang.
4. **Gaya Bahasa (Leléwaning Basa)**
Lumantar asil karyané panganggit uga kepingin ngandharaké rasa pangrasané. Kanggo nggayuh pepènginan kasebut, panganggit mbudidaya kanthi milih tembung-tembung kang dironcé saéngga mujudaké ukara kang ngandhut leléwaning basa utawa lumrah diarani *gaya bahasa*.
Tuladha leléwaning bahasa utawa gaya bahasa:
 - a. **Personifikasi**
Gaya bahasa personifikasi mujudaké tumindaké samubarang kayadéné manungsa, bisa ngrasakaké bungah utawa seneng, gumuyu, lumaku, gegojègan, lan sapanunggalané.
 - b. **Métafora**
Gaya bahasa métafora, minangka srana tumrapping panganggit kanggo mbudidaya supaya para maos kanthi gamblang anggoné mbayangaké gegambaran kang kinandhut ing sajroning geguritan. Mbandhingaké sawijining barang marang barang liyané kang nduwèni sifat padha.
 - c. **Répetisi**
Gaya bahasa répetisi digunakaké déning panganggit nalika kepingin njelasaké maksud ing sajroning geguritan, kanthi mbolan-mbalèni tembung.
5. **Latar**
Latar kanggo nggambaraké panggonan, wektu, lan kahanan kang bisa narik kawigatèn kang maca utawa ngrungokaké geguritan.

6. Amanat

Saben geguritan mesthi ngemot piwulang tumrap para pamaos kang diwujudaké ing amanat geguritan. Mula saka iku prayogané anggoné nganggit geguritan kudu ngemot unsur èdukasi.

B. Gatèkna tuladha geguritan ing ngisor iki!

Piwelingé Ibu

(Drs. Wahyu ST)

Nggèr, diati-ati aja seneng nyenyandhung
Arum éndah kembang bakung
Kesrampung sléndhang
Kegubed kalung
Nggèr aku tansah ndedonga lan ngidung
Supaya kecekel anggonku mbujung
 Aku tansah èling piwelingé ibu
 Nalika aku arep budhal sinau
 Nggèr, urip mono awujud laku
 Ombyaking donya aja kapaèlu
 Aja kapilut gebyaring lampu
 Kang kairing jejogèdan lan gumuyu
Nggèr, urip sing prasaja
Aja mung mburu gebyaring donya
Dibisa tansah èling lan waspada
 Swarga ora dumunung ing kedhèping nétra
 Tansaha ndedonga marang kang Mahakwasa
 Kanggo ngudi laku utama
Matur nuwun ibu
Pangandikanmu rumasuk ing balung sungsumku
Pindha latu mangalad-alad jroning kalbu
Agawé antebing kalbu
Saéngga paiting bratawali ora tau keprungu
Aku setya tuhu marang piwelingmu
Kang putra nyuwun pangèstu

(Kapethik saking buku Padha Bisa Basa Jawa 3 Sudi Yatmana)

C. Negesi tembung-tembung kang kaanggep angèl

No.	Tembung Ing Geguritan	Basa Padinan	Basa Indonésia
1.	kesrampung	kesrampung	
2.	kegubed		terlilit
3.	mbujung		
4.	piweling	naséhat	naséhat
5.	budhal		
6.	prasaja		sederhana
7.	dumunung	manggon, mapan	
8.	tansah		selalu
9.	ngudi		
10.	utama		
11.	rumasuk		merasuk
12.	pindha		
13.	antebing		
14.	kalbu		hati
15.	pangèstu		restu

Penilaian

- Jenis penilaian : Kognitif
- Prosedur penilaian : lisan (menyimak)
- Instrumen penilaian

Indikator	Penilaian		
	Teknik	Bentuk Instrumen	Instrumen
3.1.1 Menjawab pertanyaan tentang isi geguritan.	Tertulis	essay	1. Geguritan kasebut katujokaké marang sapa?
	Tertulis	essay	2. Kepriyé wataké ibu miturut geguritan kasebut?
	Tertulis	essay	3. Apa kang dadi piwelingé ibu?
	Tertulis	essay	4. Apa isiné geguritan ing dhuwur?
	Tertulis	essay	5. Apa kang dadi panyuwuné anak marang ibuné miturut geguritan iku?

Kunci Jawaban

1. Ibu.
2. Wicaksana
3. urip mono awujud laku, ombyaking donya aja kapaelu, aja kapilut gebyaring lampu,kang kairing jejogedan lan gumuyu.
4. Piwelingé ibu marang anak lanang
5. Nyuwun pangestu.

Latihan Tugas siswa

1. Buatlah geguritan yang berisi tentang keindahan ciptaan Allah.